मैथिली (प्रतिष्ठा) बसंत कुमार
बी० ए० (H) पार्ट-I अतिथि शिक्षक
पेपर-II
प्रकरण - विद्यापति दिनांक- 22/07/21

लिखनावलीमे उल्लेखित पत्रसँ तत्कालीन मिथिलाक सामाजिक सांस्कृतिक अवस्थापर प्रकाश पड़ैत अछि, जाहिसँ एहि पोथीक ऐतिहासिक महत्व भ' जाइत अछि।

कीर्तिलता:- विद्यापतिक ई प्रथम अवहट्ठ रचना थिक, एहि पोथीमे गद्य-पद्य दुनू अछि। एहि दृष्टिसँ ई चम्पू काव्य थिक।

एहि पोथीमे जौनपुरक सुल्तानक सहायतासँ महाराज कीर्ति सिंह आओर वीरसिंह अपन पितृहन्ता असलान नामक यवनसँ प्रतिशोध स्वरुप ओकर अन्त करैत पुनः मिथिला राज्य प्राप्तिक कथा वर्णित अछि।

कीर्तिलता चारि पल्लवमे विभक्त अछि। तत्कालीन मिथिलामे मुसलमानी अत्याचारक वर्णन अछि। वस्तुतः कीर्तिलता काव्यमे इतिहास थिक।

शेष अगिला क्लासमे